


GID

Nouvo imigran ayisyen an nan Lanodyè

Répertoire du nouvel arrivant d'Haïti à Lanaudière



An nou patisipe pou nou ka jwen n sèvis.
Se sa kap pèmèt nou

Viv ansan m !



**Carrefour
d'Intercultures
de Laval**

Carrefour d'Intercultures de Laval

1536, Boulevard Curé-Labelle, local 226

Laval (Québec), H7V 2W2

Téléphone : 450-686-0554

Télécopieur : 450-686-2809

info@carrefourintercultures.com

www.carrefourintercultures.com

Kafou entèkilti nan Laval ki fonde nan lane 1990, se yon òganis ki pap fè lajan men ki gen pou misyon akeyi, ede ak oryante tout nouvo imigran ak manb kominote kiltirèl yo nan pwosesis entegrasyon yo nan sosyete kebekwaz la e pami yo refijye piblik yo ke leta pran sou responsabilite l. Li sansibilize tou kebekwa ak kebekwaz yo pou yo akseptè viv ak tout moun tout kilti sa yo.

Ekip Kafou entèkilti nan Laval la ofri yon seri sèvis ki repon n ak bezwen tout moun nan yon klima la fanmi ak kè kontan.

Repètwà franse / kreyòl sa a fèt pou tout manb kominote ayisyèn nan kap viv nan sid lanodyè pou fasilite entegrasyon yo nan sosyete kebekwaz la.

**Immigration
et Communautés
culturelles**

Québec 

Pwojè sa a finanse pa ministè imigrasyon ak kominote kiltirèl yo nan kad sipò gouvènman kebek la a kominote ayisyèn nan. Ti kòmantè ak entèpretasyon ki ladan l yo se zafè moun ki fè l yo. Ki donk se pa opinyon manb gouvènman kebek la.

Se kafou entèkilti nan Laval ki fè repètwà sila a.

Nap jwen n li sou sit entènèt òganis la nan : www.carrefourintercultures.com



Carrefour d'Intercultures de Laval

Chers Lanaudois,
Chers nouveaux arrivants,

Le programme de parrainage humanitaire du ministère de l'Immigration et des Communautés culturelles du Québec en faveur de la communauté haïtienne a permis, tel qu'annoncé, la réunification de plusieurs familles.

En effet, ce programme spécial du gouvernement du Québec, adopté à la suite du violent séisme qui a détruit une grande partie d'Haïti le 12 janvier 2010, a donné aux citoyens canadiens et résidents permanents du Québec d'origine haïtienne la possibilité de parrainer des frères, des sœurs et des enfants majeurs non à charge accompagnés des membres de leurs familles gravement et personnellement affectés par le séisme.

Le Carrefour d'Intercultures de Laval a accompagné plusieurs Lanaudois d'origine haïtienne dans leurs démarches de parrainage humanitaire et accueilli plusieurs autres nouveaux membres de cette communauté issus de ce programme spécial. Nous continuons à les accueillir et à les soutenir en accompagnement dans leurs démarches d'intégration à la société québécoise.

Pour les aider à satisfaire certains besoins et à trouver facilement l'information et les références nécessaires à leur intégration au sein de leur nouveau milieu de vie à Lanaudière, nous avons conçu ce répertoire français/créole des ressources essentielles à leur intention. Il contient de nombreuses informations relatives à leurs démarches d'intégration qui leur permettront d'accéder plus facilement aux services offerts dans la région de Lanaudière. Nous espérons fortement que l'accessibilité de ces services mènera à une grande participation de leur part.

J'aimerais remercier sincèrement le ministère de l'Immigration et des Communautés culturelles et la direction régionale d'Immigration-Québec de Laval, des Laurentides et de Lanaudière pour avoir accordé au Carrefour d'Intercultures de Laval l'opportunité de continuer à offrir ses services aux membres de la communauté haïtienne de Laval, des Laurentides et de Lanaudière. Je remercie également l'intervenant responsable de ce projet, monsieur Rushler Vaval, et tous ceux qui ont participé à la réalisation de ce guide. Mes remerciements s'adressent aussi à tous les partenaires pour leur collaboration ainsi qu'aux Lanaudois d'origine haïtienne pour la confiance témoignée envers notre organisme.

Je souhaite de tout cœur que ce guide facilite votre intégration à la société lanaudoise et votre épanouissement comme Québécois à part entière.

Meilleurs vœux et bonne chance dans vos démarches!

Denis Arvanitakis
Directeur général
Carrefour d'Intercultures de Laval

Ti pawòl direktè a



Carrefour d'Intercultures de Laval

Abitan nan Lanodyè,
Nouvo imigran,

Pwogram parenaj imanité ke ministè imigrasyon ak kominote kiltirèl yo nan kebèk te fè pou kominote ayisyèn nan jan yo te anonse l la pèmèt plizyè fanmi regwoupe yo ansan m.

Pwogram espesyal sa a ke gouvènman kebèk la te adopte aprè gwo tranbleman de tè ki te fèt 12 janvyè 2010 la ki te kraze plizyè zòn peyi dayiti te pèmèt a tout ayisyen ki se sitwayen nan kanada oubyen ki gen rezidans posiblite pou yo parene frè, sè ak pitit yo ki granmoun akonpaye tout lòt manb fanmi yo depi yo te blese gravman e pèsònèlman nan tèrib tranbleman de tè sa a.

Kafou entèkilti nan laval te ede plizyè fanmi ayisyen nan lanodyè pou yo prepare dosye parenaj yo ak akeyi plizyè lòt nouvo manb kominote sila a nan pwogram espesyal sa a. Nou kontinye ap ede ayisyen sa yo nan demach entegrasyon yo nan sosyete kebekwaz la.

Pou nou ede yo satisfè yon seri de bezwen e jwen n pi fasil enfòmasyon ak referans kap itil yo nan nouvel vi yo nan lanodyè, nou prepare ti repètwa franse / kreyòl sa a ki gen anpil resous ladan l. Gid sila a gen anpil enfòmasyon kap pèmèt tout manb kominote ayisyèn nan konnen ak jwen n sèvis ke yo gen bezwen, sa kap pèmèt yo patisipe pi plis nan aktivite ki gen nan zòn lanodyè a.

Mwen vle remèsye sensèman ministè imigrasyon ak kominote kiltirèl yo espesyalman direksyon rejyonal imigrasyon kebèk la nan laval. Iorantid ak lanodyè poutèt yo bay kafou entèkilti nan laval privilèj pou kontinye bay ayisyen yo sèvis depi aprè tèrib evènman sa a nan peyi dayiti nan twa rejyon sa yo sitou sa yo ki nan lanodyè. Mwen remèsye tou responsab pwojè sa a, mesye Rushler Valal e tout lòt moun ki te patisipe nan reyalizasyon gid sila a. Mwen remèsye a la fen tout patnè nou yo pou kolaborasyon yo epi lanodwa ayisyen yo nan sid lanodyè pou konfyans yo temwaye pou kafou entèkilti nan laval.

Mwen swete a tout kòm ke gid sila a fasilite entegrasyon nou nan lanodyè ak reyisit nou kòm kebekwa.

Meyè ve epi bòn chans nan tout demach nou yo!

Denis Arvanitakis
Directeur général
Carrefour d'Intercultures de Laval



**Carrefour
d'Intercultures
de Laval**

Ti liv sa a fèt nan objektif pou pèmèt a tout manb kominote ayisyèn nan ki ap viv nan lanodyè sitou sa yo ki nan MRC L'Assomption ak MRC Les Moulins jwen n enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan zòn sa yo yon fason pou yo ka gen aksè pi fasilman a sèvis yo.

Nou te panse espesyalman ak ayisyen ki fèk rive yo pou ede yo nan demach entegrasyon yo. Yap jwen n enfòmasyon ke yo bezwen nan tout domèn vi yo nan kebèk: Enfòmasyon sou sèvis federal ak gouvènman kebèk la, sou ledikasyon, la sante, sou kòman pou yo chèche travay, sou spò, lwazi, sèvis sosyal, sou lojman, sou èd pou manje, rad, mèb elatriye.

Se sèvis ki pi enpòtan yo nou mete nan ti liv sa a. Se yon travay ki limite men si nou vle gen plis enfòmasyon nan yon domèn done, nou ka ale sou sit entènèt kafou entèkilti ki nan laval, sou sit entènèt òganis ki enterese nou an oubyen rele nan telefòn.

Nou vle remèsye yon fason espesyal tout moun ki te patisipe nan reyalizasyon ti gid sila a. Nou swete ke li repon n a objektif ke nou vle a ki se pèmèt a nouvo manb kominote ayisyèn nan jwen n tout enfòmasyon ki enpòtan pou entegrasyon yo.

Rushler Vaval
Intervenant
Carrefour d'Intercultures de Laval

Tab matyè yo

1. Resous pou ijans	1
2. Resous ak enfòmasyon enpòtan pou tout nouvo imigran	3
2.1 Sitwayènte ak Imigrasyon Kanada (CIC)	3
2.2 Sèvis Kanada	3
2.3 Minisè Imigrasyon ak kominote kiltirèl yo (MICC)	3
2.4 Sèvis Kebèk	3
2.5 Direktè leta sivil la	4
2.6 Apran n konen Kebèk : Yon ti liv ki enpòtan pou nou !	4
2.7 Òganis kominotè yo	4
3. Resous nan la sante ak nan sèvis sosyal	6
3.1 Siw malad men sa yo ka fè pou ou	6
3.2 Asirans maladi	6
3.3 Asirans medikaman	6
3.4 Sant la sante ak sèvis sosyal nan sid Lanodyè yo (CSSS)	7
3.5 Sant lokal sèvis kominotè yo (CLSC)	7
3.6 Lopital	7
3.7 Klinik medikal san randevou yo	8
3.7.1 CLSC Meilleur (MRC L'Assomption)	8
3.7.2 CLSC Lamater (MRC Les Moulins)	9
3.8 Doktè pou fanmi yo	9
3.9 Resous nan sèvis sosyal	9
3.10 Sèvis de gad pou timoun	11
3.10.1 Kòman chèche yon plas nan sèvis de gad	11
3.10.2 Enfòmasyon sou sèvis de gad komisyon eskolè afliyan yo	12
3.10.3 Lòt resous enpòtan	12

4. Resous nan ledikasyon ak nan fòmasyon	13
4.1 Ministè ledikasyon, lwazi ak spò (MELS)	13
4.2 Liy telefòn ki bay enfòmasyon pou moun ki vle apran n	13
4.3 Evalyasyon konparativ etid ki fèt deyò Kebèk	13
4.4 Enskripsyon nan rezo eskolè a	13
4.4.1 Lekòl primè ak segondè	13
- Pou MRC L'Assomption ak Les Moulins	13
- Pou Joliette	13
4.4.2 Etid nan kolèj (CEGEP)	14
4.4.3 Etid nan inivèsite	14
4.5 Lekòl pou granmoun yo	14
4.5.1 Kòman pou nou enskri nan sant fòmasyon pwofesyonèl yo	14
4.5.2 Kou franse gratis	15
- Kou franse a tan konplè	15
- Kou franse a tan pasyèl	15
4.5.3 Alfabetizasyon	15
4.6 Fòmasyon pwofesyonèl	16
4.6.1 Men sant fòmasyon pwofesyonèl yo	16
4.6.2 Kòman pou nou enskri nan yon sant fòmasyon pwofesyonèl yo	16
4.6.3 Kòman pou nou prete kòb pou nou fè yon etid pwofesyonèl	16
5. Resous pou chèche travay	17
5.1 Travay pou yon ti tan nan Kanada	17
5.2 Asirans sosyal	17
5.3 Travail nan Kebèk	17
5.4 Òganis kap ede nou jwen n travay	18
5.5 Men kèlke lòt resous enpòtan	19
5.5.1 Komisyon sou règleman nan travay (CNT)	19
5.5.2 Komisyon sou la sante ak sekirite nan travay (CSST)	19
6. Resous sosyokiltirèl, nan lwazi ak spò	20
6.1 Kat sitwayen vil la	20
6.6.1 Pou MRC L'Assomption	20
6.6.2 Pou MRC Les Moulins	20
6.2 Aktivite spò ak rekreyatif	20
6.3 Bibliyotèk	20
6.3.1 Pou MRC L'Assomption	21
6.3.2 Pou MRC Les Moulins	21
6.4 Lis òganis ayisyen yo	22

Tab matyè yo

7. Resous pou abitasyon/lojman	23
7.1 Sosyete ki okipe l de abitasyon nan Kebèk	23
7.2 Reji pou lojman	23
7.3 Gid « Viv nan lojman »	23
7.4 Pwogram ekonojijis	23
7.5 Gid « Lojman nan Kebèk »	23
7.6 Chanjman adrès	23
7.7 Regwoupman komite lojman ak asosyasyon lokatè yo nan Kebèk (RCLALQ)	24
7.8 Lòt resous enpòtan	24
7.8.1 Asirans yo	24
7.8.2 Asirans machin, kay ak biznis	25
7.8.3 Kouran ak gaz	25
7.8.4 Telefòn	25
7.8.5 Èd pou apatman	25
7.8.6 Asosyasyon kooperativ pou ekonomi tout fanmi lil jezi (ACEF)	25
8. Resous pou èd ak depanaj	26
8.1 Èd nan lajan pou paran yo	26
8.1.1 Prestasyon inivèsèl pou gade timoun (PUGE)	26
8.1.2 Prestasyon fiskal Kanada pou timoun yo (PFCE)	26
8.1.3 Lajan Kebèk	26
8.2 Èd pou manje, rad, mèb ak lòt sèvis	27
9. Pwoteksyon dwa nou / Plent	28
9.1 Ofis pwoteksyon tout konsomatè (OPC)	28
9.2 Rezo pwoteksyon tout konsomatè	28
9.3 Èd jiridik	28
9.3.1 Pou MRC L'Assomption	28
9.3.2 Pou MRC Les Moulins	28
10. Transpò	29
10.1 Sosyete asirans tout machin nan Kebèk (SAAQ)	29
10.2 Sosyete transpò nan Lanodyè (CRTL)	29
10.3 Transpò adapte	29
11. Benevola	30
11.1 Resous kominotè	30
11.2 Benevola nan lekòl yo	30
Lyen rapid	31

LÈ WAP VIV YON SITIYASYON DIFISIL E OU BEZWEN SEKOU, OU KAPAB KONTAKTE SÈVIS SA YO AN TOUT TAN :

URGENCES GRAVES (LAPOLIS, DIFE AK ANBILANS) : 911

SERVICES INFO-SANTÉ : 811

- Pou konsèy nan telefòn sou premye swen, chak jou bondye mete, 24 sou 24. Yap oryante nou pou nou jwen n sèvis nap chache a (clinik, lopital, etc.)

CENTRE ANTIPOISON DU QUÉBEC : 1 800 463-5060

- Nan nimewo sa a wap jwenn enfimye ak doktè ki gen konesans sou zafè moun ki pran pwazon.

CENTRE DE PRÉVENTION DE SUICIDE DE LANAUDIÈRE : 1 866 277-3553

- Prekosyon, entèvansyon, swen, edikasyon ak fòmasyon pou anpeche moun tiye tèt yo.

S.O.S VIOLENCE CONJUGALE : 514 873-9010 / 1 800 363-9010

- Resevwa apèl fanm ki viktim vyolans mari yo fè sou yo.

REGARD EN ELLE : 450 582-6000

- Kay ki ede fanm ki viktim zak vyolans mari yo fè sou yo.

TEL-AIDE : 514 935-1101

- Sèvis telefonik ki tande tout moun ki bezwen pale ti pawòl sekre yo oubyen pataje pwoblèm yo rankontre.

PSYCHO RESSOURCES LANAUDIÈRE : 450 581-2159

- Tretman pou moun ki malad e ki pa gen gwo mwayen.

REVIVRE : 514 738-4873

- Asosyasyon pou moun ki gen maladi mantal.

ALCOOLIKES ANONYMES : 450 581-4011

- Yo ede moun ki tafyatè.

TEL-JEUNES : 1 800-263-2263

- Tout jèn ki gen laj 5 rive 20 lane, gen yon ekip entèvenan ki sou plas tout tan pou tande nou chak jou Bondye mete.

CAHO (Centre d'aide pour hommes) : 1 800 567-8759

- Se yon sèvis ki la pou ede tout gason ki gen konpòtman vyolan.

LUEUR DU PHARE DE LANAUDIÈRE : 450 752-4544

- Sèvis pou soutni, ede ak enfòmè paran e entouraj moun ki gen pwoblèm sante mantal.

1. Resous pou ijans

2

CENTRE D'AIDE AUX VICTIMES D'ACTES CRIMINELS : 450 755-6127

- Tande, fè swivi e akonpaye tout moun ki viktim zak kriminel ak abi lòt moun fè sou yo e sou antouraj yo.

JEU (Aide et Référence) : 1 800 461-0140

- Pou tout moun ki gen pwoblèm nan jwèt aza e antouraj yo, Gen yon ekip entèvenan ki la pou ede nou e pou bannou oryantasyon.

LIGNE PARENTS : 1 800 361-5085

- Sèvis 24 sou 24 e 7 jou sou 7 pou tout manman ak papa pitit ki gen difikilte nan devlopman, relasyon ak edikasyon pitit yo de 0 a 20 lane.

PARENTS SECOURS DU QUÉBEC : 1 800 588-8173

- Sèvis nan telefòn pou ede tout paran ki gen pwoblèm ak pitit yo.

COCAINOMANES ANONYMES : 514 527-0657

- Pou ede moun kap pran kokayin.

NARCOTIQUES ANONYMES : 514 249-0555

- Pou ede moun kap pran dwòg.

2. Resous ak enfòmasyon enpòtan pou tout nouvo imigran

3

2.1 Sitwayènte ak Imigrasyon Kanada (CIC)

(Source : Site Internet de Citoyenneté et Immigration Canada)



Citoyenneté et
Immigration Canada

Citizenship and
Immigration Canada

1-888-242-2100
<http://www.cic.gc.ca>

Ministè sa a la pou fè tout verifikasyon sou tout moun kap sòti e kap rantr nan Kanada. Li ofri plizyè pwogram pou pèmèt imigran rantr nan peyi a kòm etidyan, vizitè, refijye, travayè tanporè, travayè kalifye, etc. Li ede nouvo arivan yo pou yo adapte yo nan sosyete kanadyèn nan, pou yo genyen nasyonalite kanadyèn e patisipe nan vi ekonomik, sosyal ak kiltirèl peyi a. Se ministè sa a kap voye bay tout nouvo arivan yo aprè yon mwa nan Kanada kat rezidans pèmanan yo. Si yon nouvo arivan vle vwayaje, li dwe tann kat rezidans pèmanan li pou li pa gen pwoblèm lè lap retounen Kanada.

2.2 Sèvis Kanada

(Source : Site Internet de Service Canada)

**Service
Canada** 

155, rue Notre-Dame (Bureau 54) Repentigny
514 522-4444 ou 450-682-8950
835, Montée Masson, Terrebonne
1 800 622-6232
<http://www.servicecanada.gc.ca>

Sèvis Kanada la pou ede w jwen n tout ransèyman ou bezwen sou pwogram ak sèvis ke gouvènman Kanada a ofri. Se la ke tout imigran ki fèk vini yo al fè kat asirans sosyal yo.

2.3 Ministè Imigrasyon ak kominote kiltirèl yo (MICC)

(Source : Site Internet du ministère de l'Immigration et des Communautés culturelles)

Immigration
et Communautés
culturelles

Québec 

**Service Immigration-Québec, Direction régionale de Laval,
des Laurentides et de Lanaudière**

1438, Boulevard Daniel-Johnson
514 864-9191 ou 1 877 864-9191
direction.drll@micc.gouv.qc.ca
<http://www.immigration-quebec.gouv.qc>

Ministè sa a ofri antrevi a tout imigran ki fèk vini yo pou ede yo nan premyè demach entegrasyon yo e pou yo jwen n enfòmasyon sou plizyè sèvis nan Kebèk tankou kou fransè gratis, evalyasyon konparativ etid yo fè an deyò Kebèk ak lòt ankò.

2.4 Sèvis kebèk

(Source : Site Internet de Services Québec)

Services

Québec 

Services Québec Lanaudière
450, rue Saint-Louis, RC-20 Édifice Louis-Cyr Joliette
514-644-4545 ou 1 877 644-4545
<http://www.gouv.qc.ca/portail/quebec/pgs/citoyens/>

Biwo sa a la pou bay enfòmasyon sou pwogram ak sèvis gouvènman kebèk la e ki sa w dwe fè pou benefisye sèvis sa yo tankou sa ou dwe fè lè ou pèdi yon kat, yon pèmi espesyal, kijan pou ou achte yon kay, kisa ou dwe fè pou ou ouvri yon ti biznis, elatriye.

2. Resous ak enfòmasyon enpòtan pou tout nouvo imigran

4

2.5 Direktè leta sivil la

(Source : Site Internet du Directeur de l'état civil)

Directeur
de l'état civil

Québec 

514-644-4545

<http://www.etatcivil.gouv.qc.ca>

Tout sitwayen kap viv nan Kebèk dwe kontakte biwo sa a pou tout evenman eta sivil tankou sètifika, kopi batistè, maryaj, inyon sivil, atestasyon e deklarasyon pou timoun ki fèk fèt, sètifika pou moun ki mouri ak lòt ankò.

2.6 Apran n konnen kebèk: Yon ti liv ki enpòtan pou nou !

(Source : Site Internet du ministère de l'Immigration et des Communautés culturelles)

Immigration
et Communautés
culturelles

Québec 

Ti liv sa a enpòtan anpil pou tout moun ki gen pou vin viv nan Kebèk e ki fèk rive nan peyi sa a pou ede yo jwen n tout enfòmasyon yo bezwen nan pwosesis entegrasyon yo tankou kijan ou lwe yon kay, chèche travay, enfòmasyon sou lekòl nan Kebèk, enfòmasyon sou kou franse gratis, elatriye.

2.7 Òganis kominotè yo



CREDIL : Comité régional d'éducation pour le développement international de Lanaudière

200, rue de Salaberry
Joliette

450 756-0011

Misyon òganis sa a se kolabore ak plizyè patnè tankou lekòl, lopital ak CLSC yo, òganis kominotè yo, diferan ministè yo ki nan Kebèk ak nan federal e pafwa antrepriz prive yo, yon fason pou pèmèt imigran ki fèk vini yo rantrè tout bon nan nouvo milye vi yo nan Lanodyè. Li akeyi ak akompaye nouvo imigran yo e sitou refijye piblik ke gouvènman kanada a pran sou responsablite l pou ede yo nan entegrasyon yo nan kebèk.



SAFIMA : Service d'aide à la famille immigrante de la MRC L'Assomption

547, rue Leclerc, bureau 200

Repentigny
514 839-7830

Misyon òganis sa a se akonpaye ak akeyi imigran ki fèk vini yo, ede yo antre kòm sa dwa nan nouvo milye yo, enfòmasyon yo sou tout kalte resous ki gen nan zòn nan, bay yo enfòmasyon sou sèvis piblik yo, elatriye



AMINATE : Accueil multiethnique et intégration des nouveaux arrivants à Terrebonne et les environs

640, rue Langlois, bureau 3

Terrebonne
450 492-0088
Poste 30

Misyon òganis sa a se akeyi e pèmèt tout imigran ki fèk vini yo chita kò yo byen nan Tèbòn ak zòn ki sou kote l yo.



Perspectives nouvelles

245, rue Papineau

Joliette

450 755 3244

Conseiller à l'intégration : 450 755-3244, poste 112

Pour la recherche d'emploi :

Secteur Terrebonne : 450 755-3244, poste 114

Secteur Repentigny : 450 960-8150

Misyon òganis sa a se ede ak akonpaye tout moun nan chache travay, pèmèt tout nouvo imigran adapte yo ak rantrè kòm sa dwa nan sosyete Kebèk la e bay yo sèvis espesyal pou chache travay.



Action RH Lanaudière

432, rue Notre-Dame bureau 200, Joliette

450 752-2303

4640, rue Langlois, Terrebonne

450 492-4104

542, rue Notre-Dame, Repentigny

450 654-9612

Misyon òganis sa a se ede tout moun kap viv nan zòn nou site yo jwen n travay, ede yo fè CV yo, oryante yo e bay yo tout sòt sèvis pou jwen n travay.

3. Resous nan la sante ak nan sèvis sosyal

6

3.1 Si w malad men sa yo ka fè pou ou

Option 1 : Pou ou jwenn konsèy ak enfòmasyon, rele INFO-SANTÉ : **811**. Yon enfimiyè ap reponn ou **24 sou 24 e 7 jou sou 7**. Si enfimiyè a konseye w ale wè yon Doktè :

Option 2 : konsilte doktè w oubyen pran randevou nan yon klinik medikal san ou pa bezwen gen randevou.

Option 3 : Si w genyen an mande lopital ale dirèk dirèk nan sal ijans lan:

Hôpital pierre le gardeur (911, Montée des Pionniers, Terrebonne) 450 654-7525

Pour un cas grave, faites le 911.

3.2 Asirans maladi

(Source : Site Internet de la Régie de l'assurance maladie du Québec)



425, Boulevard De Maisonneuve Ouest
3e étage, bureau 300
Montréal (Québec)
514-864-3411 / 1-800-561-9749
<http://www.ramq.gouv.qc.ca>

Dabitid tout moun ki fèk rive Kanada kòm rezidan pèmanan oubyen ki se sitwayen kanadyen gen dwa ak asirans maladi. Kebèk li aprè yon tan ki pa depase twa mwa lè li fin enskri. Li enpòtan pou li pase nan reji asirans maladi lè li fèk rantrè yon fason pou li fè enskripsyon li. Moun sa yo dwe pran yon asirans pwovizwa ki pou kouvri lajan konsiltasyon ak medikaman si yo ta tonbe malad pandan 3 mwa sa yo.

Si se yon demandè azil ak vizitè ki gen yon pèmi travay, se Immigration-Canada kap bay yo yon kouvèti medikal nan Programme fédéral de santé intérimaire (PFSI).

3.3 Asirans medikaman

(Source : Site Internet de l'Alliance des communautés culturelles pour l'égalité dans la santé et les services sociaux)



Tout moun ki ap viv nan Kebèk e ki gen dwa a asirans maladi kel te ti moun oubyen granmoun dwe genyen an pèmanans yon asirans pou medikaman. Kat asirans maladi a (Kat solèy la) pa kouvri medikaman. Rele Reji asirans maladi oubyen ale sou sit sa a pou enfòmasyon : 514 864-3411.


<http://www.accesss.net/assurancemedicaments.html>

3.4 Sant la sante ak sèvis sosyal ki nan sid lanodyè yo (CSSS)

Sant de sante ak sèvis sosyal yo se òganis kap gere tout lopital, CLSC ak sant ebèjeman yo.

Nan réjyon Lanodyè a gen de CSSS : Le centre de santé et de services sociaux du Nord de Lanaudière et le Centre de santé et de services sociaux du Sud de Lanaudière. Yo fè pati de rezo sèvis : Le réseau local de services (RLS) du nord de Lanaudière et le réseau local de services (RLS) du sud de Lanaudière. De rezo sa yo depan n yo men m de l'Agence de la santé et des services sociaux de Lanaudière ki li men m depan n de Ministère de la Santé et des Services sociaux du Québec.

Kominote ayisyèn nan plis retwouvel nan CSSS sud Lanodyè a.



3.5 Sant lokal sèvis kominotè yo (CLSC)

Yon CLSC se yon òganis piblik ki ofri sèvis sante e pwogram pou ede fanmi yo, timoun kifèk fèt, jenn manman, adolesan, granmoun ak vye granmoun ki nan bezwen. Nan CSSS sud Lanodyè a gen de CLSC : CLSC MMeilleur ak CLSC Lamater.

Men koòdone biwo CLSC ki nan sid lanodyè yo



SANT	ADRÈS	TELEFÒN
CLSC Meilleur	193, rue Notre-Dame, Le Gardeur	450-668-1803
CLSC Meilleur (Prélèvements sanguins)	1124, boul. Iberville, bureau 200, Repentigny	450 654-1023
CLSC Meilleur (Petite enfance)	50, rue Thouin, bureau 206, Repentigny	450 470-0770
CLSC Meilleur	21, rue de l'église, Épiphanie	450 588-7231
CLSC Lamater (Volet médical)	1317, boulevard des Seigneurs, Terrebonne	450 471-2881
CLSC Lamater (Services en milieu scolaire)	2075, boulevard des Seigneurs, Terrebonne	450 471-2955
CLSC Lamater	814, boulevard L'ange gardien Nord, bureau 11, L'assomption	450 589-2257
CLSC Lamater	2099, boulevard des Seigneurs, Terrebonne	450 471-2881

3.6 Lopital

Hôpital Pierre Le Gardeur	911, Montée des pionniers, Terrebonne	450 654-7525
---------------------------	---------------------------------------	--------------

3. Resous nan la sante ak nan sèvis sosyal

8

3.7 Klinik medikal san randevou yo

3.7.1 CLSC Meilleur (MRC L'Assomption)

KLINIK	ADRÈS	TELEFÒN
Clinique UMS	135, boulevard Claude David Repentigny	450 654-2911 Poste 61122
Clinique Brien	223, boulevard Brien, Repentigny	450 585-9810
Clinique Le Gardeur (Avec médecins accoucheurs)	155, rue Notre Dame, bureau 130 Le gardeur	450 582-5551
Clinique Notre-Dame	504, rue Notre-Dame, Repentigny	450 585-3232
Clinique de Médecine Familiale (Avec médecins accoucheurs)	504, rue Notre-Dame, bureau 2400 Repentigny	450 582-3992
Clinique Repentigny	520, rue Notre-Dame, Repentigny	450 585-1620
Clinique Santé Lanaudière	288, boulevard Laroche, Repentigny	450 581-2120
Clinique Valmont	783, rue Notre-Dame, Repentigny	450 582-1260
Clinique Médicale du Boisé	275-A, rue Paradis, porte 6, Repentigny	450 470-1300
GMF L'assomption	814, boulevard L'Ange Gardien, bureau 201 L'Assomption	450 589-5778
GMF Lavaltrie-Lanoraie (Avec médecins accoucheurs)	1400, rue Notre-Dame Lavaltrie	450 586-1033
Clinique Médicale de l'étoile	16, rue Leblanc, bureau 103, L'Épiphanie	450 588-7588

Pou nou jwenn yon doktè pou konsiltasyon, rele depi 7 :00 nan maten sòti lendi pou rive vandredi nan nimewo sa a : 450 471-2915

3.7.2 CLSC Lamater (MRC Les Moulins)

KLINIK	ADRÈS	TELEFÒN
Centre Médical Laurier	5661, boul. Laurier, Terrebonne Secteur La Plaine	450 477-5364
Clinique Médicale du Vieux Terrebonne	883, rue St- Pierre Terrebonne	450 964-9111
Centre Médical St-Louis	900, boul. Moody, bureau 100, Terrebonne	450 471-1212
Centre Médical St-Charles	1740, boul. Saint Charles bureau 102 Terrebonne, Secteur Lachenaie	450 492-2277
GMF Des Seigneurs (Avec médecins accoucheurs)	901, boul. des Seigneurs, bureau 201 Terrebonne	450 471-1117
Urgence Médicale Grande-Allée	1419, boul. Grande Allée Terrebonne secteur Lachenaie	450 471-7066
Centre Médicale La Pinière	3395, boul. de la Pinière bureau 100 Terrebonne	450 477-2683
Clinique Médicale de Hauteville	4435, boul. de Hauteville, Terrebonne	450 492-3153
GMF, Clinique Médicale de Mascouche	1025, montée Masson Mascouche	450 474-6000

3.8 Doctè pou fanmi yo

Si ou pa gen medsen fanmi, sant sante ou abitye ale a kapab ede w jwen n youn pandan ke wap enskri w nan gichè CLSC a:

Konpoze 450 654-9012, poste 690. Fè chif 1, lese non w ak nimewo telefòn ou e y ap rele w aprè pou eksplike w kisa pou ou fè.

3.9 Resous nan sèvis sosyal

ÒGANIS	MISYON	TELEFÒN
Regard en elles	Kote fanm ki sibi zak vyolans kapab jwenn kay pou yo rete pou yo ak pitit yo pandan on ti tan.	450 582-6000
Regroup'elles	Èd pou fanm ki viktim zak vyolans mari yo fè sou yo.	450 964-4404
Hébergement d'urgence de Terrebonne	Ede tout moun ki pa gen kay pou yo rete ke li se fanm oubyen gason.	450 471-4664
Cancer Aide Lanaudière	Òganis ki la pou ede tout moun ki gen maladi kansè. Yo tandè w e enfome w sou tout resous ki genyen nan milye a.	450 756-0869
Hébergement pour femmes violentées	Èd pou fanm ki viktim zak vyolans.	450 582-6000

3. Resous nan la sante ak nan sèvis sosyal

3.9 Resous nan sèvis sosyal

KLINIK	ADRÈS	TELEFÒN
Association Marie Reine	Ede fanm ak timoun ki viktim zak vyolans.	450 581-904
Inter femmes	Kote yo ede fanm ak timoun ki viktim zak vyolans.	450 964-4409
Calacs La Chrysalide	Sant ki ede e ki ap lite kont kadejak	450 964-7888
C A H O (Centre d'aide pour hommes)	Ede gason ki vyolan pou yo poze.	1 800 567-8759
Uniatox	- Prevansyon ak enfòmasyon pou moun ki ap pran dwòg; - Prevansyon nan lekòl e nan lari; - Atelye pou paran yo - Pèmèt moun sa yo retounen nan sosyete a.	450 582-2983
Neo	Asosyasyon pou jèn ki masisi ak madivin	450 964-1860
RANCA Regroupement des aidants naturels de L'Assomption)	Asosyasyon kap soutni tout moun ou gwoup moun ki ap viv ou ki ap pran swen yon moun ki andikape.	
Le vaisseau d'Or des Moulins	Gwoup ki ofro èd e kay pou yon ti tan a moun ki nan bezwen.	450 964-2418
Habitat jeunesse Mascouche	Asosyasyon ki ofri kay e ki sipòte tout jèn ki gen pou pi piti 18 lane.	450 474-4938
L'avenue justice alternative	Ofri prevansyon nan zak vagabondaj ti moun lekòl	450 581-1459
Association des personnes handicapées physiques de la Rive-Nord	Promosyon ak defans dwa moun ki andikape nan MRC L'Assomption	450 654-8437
Maison des jeunes de l'assomption (L'escapade)	Kay pou rankont ak lòt aktivite pou jèn ki gen laj 12 rive 17 lane.	450 589-1208
Maison des jeunes de l'Épiphanie (L'Éclair)	Kote jèn yo rankontre, sèvis pou ede yo fè devwa lekòl, sèvis dine e latriye.	450 588-6333
Maison des jeunes de St-Suplice	Kote jèn ki gen 12 rive 17 lane yo ka rankontre pou aktivite rekreyatif	450 589-1264
Maison des jeunes de Repentigny (L'accès)	Kay pou aktivite ak rankont pou jèn yo ki gen 12 rive 17 lane.	450 581-8159
Maison des jeunes de Mascouche	Kote jèn ki gen 12 rive 17 lane yo ka rankontre pou aktivite rekreyatif.	450 966-9290
Maison des jeunes de Terrebonne	Kote jèn ki gen 12 rive 17 lane ka rankontre pou aktivite rekreyatif.	450 964-5598
Cuisines collectives La Joyeuse Marmite	Atelye kwizin pou paran ki gen difikilte, preparasyon ak elaborasyon pla manje yo, fòmasyon pou pèmèt nou granmoun tèt nou.	450 581-0468

3.9 Resous nan sèvis sosyal

KLINIK	ADRÈS	TELEFÒN
Maison de la Famille (La Parenthèse)	Yon ti kote apa ki pèmèt paran yo rankontre pou pataje ak chanje lide sou pwoblèm ya p konfwonte nan wol paran yo.	450 582-2677
Groupe d'aménagement de logements populaires de Lanaudière	Se yon òganis ki travay sou fòm yon koperativ abitasyon pou amelyore kalite abitasyon yo. Li ede fanmi ki pa gen gwo mwayen.	450 759- 8488
Centre d'Action Bénévole des Moulins	Ede grandèt yo sòti nan izolman nan mete osèvis yo kèk aktivite sosyal, telefone yo e fè pou yo visit koutwazi.	450 964-9498
Aux couleurs de la vie sur les ailes d'Albatros	Akonpayman lè doktè di w ou pap viv lontan ak lè ou an dèy.	450 585-0809
Albatros Lanaudière-Terrebonne	Akonpayman pou soulaje tout moun ki an dèy.	450 492-6361
Univers des mots	Misyon pa li se bay gason ak fanm ki analfabèt yo e ki gen pou pi piti 16 lane posibilite pou yo konn li, ekri ak kalkile.	450 582-6561
CREVAL (Comité régional pour la valorisation de l'éducation)	Komite sa a la pou lite kont tout derapaj nan lekòl ak ankouraje reyisit nan zafè edikasyon.	450 758-3585

3.10 Sèvis de gad pou timoun

3.10.1 Kòman pou nou chèche yon plas nan sèvis de gad nan lanodyè?

- Yon paran ki vle mete pitit li lan sèvis de gad dwe konnen kisa li vle : Yon CPE sibvansyone oubyen prive, sèvis de gad nan milye famiyal, sèvis de gad pou youn ou de jou oubyen pou tout semèn lan elatriye.
- Lè paran an fi n chwazi sa li vle pou pitit li lap enskri li nan lis gichè regwoupman CPE ki nan zòn nan :



BilaLanaudière
Tél:450582-bila (2452)
1 888 752-bila (2452)
bilalanaudiere@arcpel.co

- Pou sa ki konsène gaderi sibvansyone yo, pa gen gichè enskripsyon. Se paran an ki pou fè demach li pou kont li. Pou plis enfòmasyon li ka kontakte ministè fanmi ak ene yo nan koòdone sa yo:

Famille et Aînés
Québec



www.mfa.gouv.qc.ca
450-680-6525

- Par an kapab fè rechèch pou kont li tou nan jounal lokal yo tankou Hebdo Rive Nord, nan babiyi mache piblik yo, famasi yo, nan tele dyol, bibliyotèk, pak elatriye.

3. Resous nan la sante ak nan sèvis sosyal

12

3.10.2 Enfòmasyon sou sèvis de gad komisyon eskolè afliyan yo

Nan tout lekòl primè komisyon eskolè afliyan yo nap jwen n sèvis de gad pou ti moun ki frekante lekòl sa yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte komisyon eskolè a nan koòdone sa yo :



Commission Scolaire des Affluents

Centre administratif
80, rue Jean-Baptiste-Milleur, Repentigny
Ressources éducatives
775, rue Saint-Louis, Terrebonne
450 492-9400
<http://www.csaffluents.qc.ca>

3.10.3 Lòt resous enpòtan

Pou tout lòt enfòmasyon sou sèvis de gad nan kebèk, ale sou sit entènèt sa a:



<http://www.magarderie.com>

4. Resous nan ledikasyon ak nan fòmasyon

13

4.1 Ministè ledikasyon, lwazi ak spò (MELS)

*Éducation,
Loisir et Sport*

Québec



300, Rue Sicard, bureau 200
